



**APLIKASYON POU ENSTALASYON
EKLERAJ TANPORÈ GILANN/SEZON FÈT AK/OSWA LÒT EKLERAJ TANPORÈ**


New York City Department of Transportation

Division of Street Lighting
34-02 Queens Boulevard, 2nd floor
Long Island City, New York 11101
Telephone: 718-786-4595

Enfòmasyon sou Aplikan an:		Seksyon I (Tanpri repete enfòmasyon sa yo nan paj 3.)			
<u>Ekleraj pou Festival:</u>	WI NON	<u>Ekleraj pou Sezon Fèt:</u>	WI NON	<u>Lòt:</u>	WI NON
Non Gwoup Patwonaj la: _____					
Adrès Gwoup Patwonaj la: _____					
Vil: _____		Eta: _____		Kòd Postal: _____	
Non pou kontak nan Gwoup la: _____			Telefòn: _____		
Pèmi Biwo Majistra a pou Aktivite nan Lari (si genyen) #: _____ (Tanpri mete yon kopi pèmi an.)					
Kontraktè Elektrisyen k ap Fè Travay la: _____			# Lisans Kontraktè a: _____		
Non pou Kontakte Kontraktè a 24 sou 24: _____			Telefòn: _____		
Non Dirijan Mandatè Sosyal Kontraktè a: _____					
Adrès Kontraktè a: _____					
Anplasan Pwojè a: Sou (wout prensipal/yo) _____					
Ri Transvèsal yo: ant _____ ak _____					
Minisipalite: _____ Kantite Poto Ki Genyen: _____ (Yo pa ka itilize Poto Siyal Trafik.)					
Dat Ekleraj la Pral Tache nan Poto yo: Soti _____ pou rive _____					
Dat Ekleraj la pral limen; Soti _____ pou rive _____ Zòn Poto Bwa? WI NON					
Wotè Minimòm Enstalasyon anwo Wout: _____ Twotwa: _____ Pye (Tanpri endike detay anplasan yo pou wotè enstalasyon yo sou desen/kat ou an.)					

Kondisyon pou Enstalasyon Ekleraj Tanporè Gilann/Sezon Fèt ak/oswa Lòt Ekleraj Tanporè:

1. Gwoup/òganizasyon patwonaj la ak/oswa moun ki gen pèmi an gen responsabilite pou soumèt aplikasyon ki siyen ak date a ansanm avèk desen an detay la dirèkteman nan Divizyon Ekleraj Piblik (Division of Street Lighting). Kontraktè gwoup la p ap otorize soumèt aplikasyon an ak/oswa desen an.
2. Gwoup/òganizasyon patwonaj la ak/oswa moun ki gen pèmi an dwe aksepte responsabilite frè ak depans pou tout travay yo, sa gen ladan nenpòt domaj ki fèt nan ekipman Vil New York yo.
3. Tout travay yo dwe konfòm ak egzijans Depatman Transpò Vil New York (New York City Department of Transportation, **NYCDOT**) Règ Wout yo (ki disponib sou sitwèb **NYCDOT** nan www.nyc.gov/dot). Tanpri gade nan Seksyon **2-03** ak **2-14 (e)** pou jwenn dispozisyon presi konsènan ekleraj tanporè sezon fèt yo ak lòt ekleraj tanporè yo. Aplikasyon sa a pa gen ladan tout dispozisyon ki nan règ yo.
4. Gwoup/òganizasyon ou an, kontraktè ak/oswa moun ki gen pèmi an dwe pran ak konsève yon kontra asirans jan sa prevwa nan Seksyon **2-02** nan Règ Wout yo, epi li dwe dedomaje ak retire responsabilite sou Vil la pou tout reklamasyon sanzesepsyon pou blesi pèsonèl oswa domaj sou pwopriyete ki rive akòz enstalasyon, antretyen, operasyon ak retrè final limyè tanporè yo.
5. Gwoup patwonaj la dwe fè aranjman avèk konpayi sèvis piblik elektrik apwopriye a pou peye elektrisite ki pral itilize pou limen ekleraj tanporè gilann/sezon fèt la ak/oswa lòt ekleraj tanporè a.





**APLIKASYON POU ENSTALASYON
EKLERAJ TANPORÈ GILANN/SEZON FÈT AK/OSWA LÒT EKLERAJ
TANPORÈ**

Kontinye:

6. Divizyon Ekleraj Piblik la dwe resevwa tout plan, kat ak dokiman pou enstalasyon ekleraj tanporè gilann/sezon fèt la ak/oswa lòt ekleraj tanporè a **omwen 60 jou** anvan dat enstalasyon ki prevwa a. Plan yo (ki endike ri prensipal la ak ri transvèsal kote yo pral mete limyè yo) dwe detaye epi yo dwe montre chak poto nan lari a kote yo pral enstale ekleraj la. Plan yo dwe endike tou nan ki poto (yo) ke yo pral pran kouran elektrik la ak ki poto yo pral itilize kòm atachman sèlman. Plan yo dwe gen ladan gwochè kab la ak kantite chay elektrik yo pral itilize, kikote ak kijan yo pral tache tout pwent ekleraj la, pa egzanp nan yon lòt poto limyè lari, nan yon bilding, nan pikèt an bwa, elatriye; kalite aparèy yo pral enstale sou poto yo ak wotè ekipman yo anwo lari yo ak twotwa yo. (Plòg GFI yo obligatwa. Tanpri asire ou tcheke nan Règ Wout yo kòm referans.)
7. **Okenn ekleraj pa dwe enstale sou poto siyal trafik yo (sa gen ladan poto siyal pyeton yo) ni anpeche wè siyal trafik yo.** Ekleraj tanporè gilann/sezon fèt yo ak/oswa lòt ekleraj tanporè yo pa dwe enstale andedan limit yon entèseksyon ni yo pa dwe anpeche wè okenn siyal oswa pano trafik.
8. Se yon kontraktè elektrisyen otorize nan Vil New York ki dwe fè tout travay yo.
9. Divizyon Ekleraj Piblik (**DSL**) ap egzamine plan yo epi I ap note dispozisyon demann aplikan an sou fòm aplikasyon sa a nan Seksyon II. Si li apwouve, y ap itilize aplikasyon ki siyen an pou aplike pou yon Pèmi Depatman Bilding **NYC** (Department of Buildings, **DOB**). Kopi aplikasyon siyen sa a ansanm ak pèmi **DOB** a ap nesèsè nan moman aplikasyon pou yon pèmi **NYCDOT** pou gwoup la fè travay la, dapre Seksyon **2-14 (e)** nan Règ Wout **DOT** yo. **Aplikasyon sa a PA yon pèmi. Ou pa dwe enstale okenn ekleraj, nitou okenn atachman, sou yon poto limyè lari jiskaske ou jwenn yon pèmi NYCDOT.**
10. Ou dwe enfòmè Inite Enspeksyon Elektrik **NYCDOT** (Electrical Inspections Unit, **EIU**) a nan nimewo faks **718-472-5228** pou tout travay ou pwopoze fè 72 èdtan omwen anvan kòmansman an. **Ou dwe fakse tou yon kopi pèmi DOT ou nan moman sa a.**
11. Anvan kòmansman nenpòt travay, kontraktè elektrisyen an ap teste poto a pou vòltaj parazit. Si yon poto teste pozitif, kontraktè elektrisyen an ap kontakte **DOT** ak **Con Edison** touswit epi li dwe rapòte rezilta tès sa a ak anplasman poto a. Pwosedi sa a dwe refèt lè enstalasyon an fini ak lè yo dwe retire ekipman an nan fen pèmi an. Yo dwe bay Depatman an rezilta tès ak detèminasyon sa yo si yo mande yo.
12. Depatman an ka egzije pou fè chanjman nan travay k ap fèt la. Si chanjman yo pa fèt yon fason satisfèzan, Depatman an ka retire ekleraj tanporè a epi fè gwoup/òganizasyon patwonaj la peye frè pou retire ekleraj la.
13. Nenpòt gwoup/òganizasyon, moun ki gen pèmi, ak/oswa kontraktè elektrisyen ki pa respekte egzijans pwosedi sa a ap eskli pou enstale nenpòt ekleraj tanporè nan ane oswa sikl pou sezon annapre a, oswa nenpòt lòt peryòd tan dapre desizyon Depatman an.
14. Siyati yon responsab otorize kòm sadwa pou gwoup/òganizasyon ou an nan anba dokiman sa, epi si w voye tounen aplikasyon sa a bay Divizyon Ekleraj Piblik la, I ap reprezante konsantman ou pou sa ki anwo la a.

Siyati, tit ak dat ki anba a dwe ranpli. Li dwe yon siyati orijinal avèk non an ki ekri ak lèt detache sou liy annapre a. Okenn kopi oswa faks pa otorize.

Siyati Responsab Gwoup Patwonaj la: _____


Ekri Non an ak lèt detache: _____

Tit: _____ Dat: _____

(Form SL-12, revised 1/3/08)

Anvan ou soumèt aplikasyon sa a, èske ou te sonje pou ou mete?:

1. Aplikasyon pou ane aktyèl la, avèk siyati, epi non ak tit yon responsab gwoup patwonaj la ekri ak lèt detache. Li dwe gen dat. Se gwoup patwonaj la ki dwe prepare ak depoze li. Kontraktè ou an pa ka depoze demann sa a. Dwe gen nan aplikasyon an non (yo) dirijan mandatè sosyal kontraktè a. Li pa ka fakse.
2. Ou dwe mete avèk aplikasyon an yon desen/kat anplasman pwojè a. Li dwe endike ki poto limyè lari ki dwe resevwa atachman yo, chay elektrik ekleraj tanporè a, ki kalite aparèy elektrik yo pral itilize sou poto yo, ak kikote ekleraj tanporè a pral tache lè se pa sou poto ki dekri yo, elatriye.
3. Yon kopi pèmi Aktivite nan Lari Biwo Majistra ou oswa lòt pèmi, si genyen. (Yo ka anile frè pèmi **DOT** ou an si ou te pran yon pèmi Biwo Majistra a pou evènman sa a; men, ou dwe depoze aplikasyon sa a kanmenm epi tache pèmi Biwo Majistra ou an.)





**APLIKASYON POU ENSTALASYON
EKLERAJ TANPORÈ GIL ANN/SEZON FÈT AK/OSWA LÒT EKLERAJ
TANPORÈ**

Kontinye: _____ Seksyon I (Repete apati paj 1.)

Enfòmasyon sou Aplikasyon:

Ekleraj pou Festival: WI NON **Ekleraj pou Sezonn Fèt:** WI NON **Lòt:** WI NON

Non Gwoup Patwonaj la: _____

Adrès Gwoup Patwonaj la: _____

Vil: _____ **Eta:** _____ **KÒD POSTAL:** _____

Non pou kontak nan Gwoup la: _____ **Telefòn:** _____

Pèmi Biwo Majistra a pou Aktivite nan Lari (si genyen) #: _____ (Tanpri mete yon kopi pèmi an.)

Kontraktè Elektrisyen k ap Fè Travay la: _____ **# Lisans Kontraktè a:** _____

Non pou Kontakte Kontraktè a 24 sou 24: _____ **Telefòn:** _____

Non Dirijan Mandatè Sosyal Kontraktè a: _____

Adrès Kontraktè a: _____

Anplasman Pwojè a: Sou (wout prensipal/yo) _____
_____ **ak** _____

Minisipalite: _____ **Kantite Poto Ki Genyen:** _____ (Yo pa ka itilize Poto Siyal Trafik.)

Dat Ekleraj la Pral Tache nan Poto yo: Soti _____ pou rive _____

Dat Ekleraj la pral limen: Soti _____ pou rive _____ Zòn Poto Bwa? Wi ___ Non

Wotè Minimòm Enstalasyon anwo Wout: _____ **Twotwa:** _____ **Pye**
(Tanpri endike detay anplasman yo pou wotè enstalasyon yo sou desen/kat ou an.)

Section II

Applicant: Do Not Write in this Section. **NYCDOT** Street Lighting Unit Use Only

DSL # Assigned: _____ **Date Received:** _____

Comments: _____

Approved: **YES** **NO** **Date of Decision:** _____

Signature of Director of Street Lighting: _____

(This section shall be signed by the Director of Street Lighting and returned to the applicant. The applicant shall present this approved and signed application when applying for DOT and DOB permits.)

